

Kisa epatit B ye?

Epatit B se yon maladi viral danjre, ki lakòz ant 4 000 a 5 000 ka lanmò chak ane Ozetazini akòz domaj nan fwa (siwoz) epi kansè nan fwa. Pifò moun ki atrape maladi a rekipere epi pap janm ka atrape l ankò. Sepandan, apeprè 10% moun ki atrape maladi a pral kenbe viris la nan kò yo pou yon bon bout tan epi pandan tan sa a yo kapab bay lòt moun maladi a. Sentòm enfeksyon epatit B enkli feblès, malèz, pèt apeti, lafyè, maltèt, po ak zye jòn (lajònis), pipi fonse, ak doulè nan misk, jwenti ak nan lestomak. Maladi ki dire lontan oswa ki kwonik ka debouche sou domaj nan fwa, kansè nan fwa oswa lanmò. Sentòm yo ka kòmanse parèt depi sou sis semèn oswa jiska sis mwa aprè kontak avèk viris lan. Anpil moun gen sentòm ki pa twò grav e genyen kèk moun ki pa santi sentòm ditou.

Èske epatit B danjre?

Wi. Pifò granmoun (apeprè 90%) ki atrape maladi a ap refè sou sis mwa, men gen kèk moun ki pral kenbe viris lan nan kò yo pou yon bon bout tan (pòtè kwonik). Ti bebe manman yo enfekte souvan vin pòtè kwonik yomenm. Pòtè sa yo ka devlope pwoblèm kwonik nan fwa, sa ki ka debouche sou kansè nan fwa, siwoz (defayans fwa a), epi lanmò. Pòtè yo gen viris lan nan likid kò yo epi yo ka enfekte fanmi yo, moun k ap viv nan kay la, epi patnè seksyèl yo. Chak ane Ozetazini, 80 000 moun devlope nouvo enfeksyon epatit B, epi genyen pase 11 000 ladan yo ki entènè lopital.

Kouman epatit B gaye?

Viris epatit B (VHB) a gaye nan kontak avèk san, espèm oswa dechaj, likid vajinal, oswa kèk lòt likid nan kò yon moun ki enfekte. Lè likid sa yo rantrè nan san yon moun atravè manbràn mizez (tankou sa yo ki nan bouch oswa ògàn seksyèl yo) oswa koupi sou po moun nan, viris la ka rantrè tou. Viris la ka gaye lè yon moun fè sèks san kapòt oswa lè moun pataje zegui avèk lòt moun ki enfekte (pou yo pran dwòg, pou yo pèse kò yo oswa zòrèy yo, oswa pou yo fè tatou). Moun ki travay nan domèn medikal yo ki pike avèk zegui ki ize ka atrape enfeksyon an tou. Fanm ansent ki gen viris la nan san yo ka pase l bay ti bebe yo pandan y ap akouche. Si w pataje bwòs dan, razwa, oswa tout lòt bagay ki ka gen san ladan l sa ka gaye viris la. VHB 100 fwa pi kontajye pase VIH. Apeprè 1 sou chak 3 moun ki enfekte avèk viris epatit B a Ozetazini pa konnen kibò yo pran enfeksyon yo an.

Èske li ka trete?

Pifò moun ki genyen epatit B retabli san tretman. Kèk fòm enfeksyon epatit B kwonik ka trete avèk yon medikaman yo rele interferon.

Kouman w ka prevni epatit B?

Meyè fason pou prevni epatit B se pou evite kontak avèk likid kò moun ki enfekte. Sa vle di itilize kapòt lè w ap fè sèks, itilize gan latèks lè w ap travay avèk likid kò tankou san, epi pa janm pataje yon zegui, bwòs dan, razwa, oswa nenpòt bagay ki ka genyen san ladan l.

Pwoteje timoun ou yo lè w fè yo pran 3 dòz vaksen epatit B anvan yo genyen 18 mwa. Yo bezwen tout twa dòz sa yo pou yo ka iminize konplètman epi pou lontan. Moun ki pat pran vaksen an epi ki te vin ekspoze a viris lan dwe pran yon piki yo rele HBIG, ansanm ak vaksen an. HBIG pal pwoteje w toutsuit, men li bon sèlman pou kèlke mwa. Aprè twa dòz, vaksen epatit B a pwoteje pifò moun pandan omwen 15 an. Adolesan de 11 a 15 an ka bezwen sèlman de dòz vaksen epatit B, dòz sa yo dwe separe pa 4 a 6 mwa. Mande doktè w plis detay.

Fanm dwe fè tès pou epatit B chak fwa yo vin ansent. Si yo genyen viris lan, ti bebe yo an pral bezwen HBIG epi yo pral bezwen pran vaksen an toutsuit aprè yo fèt pou pwoteje yo kont maladi a. Ti bebe yo pral bezwen de dòz anplis nan vaksen an lè yo genyen yon mwa epi lè yo genyen sis mwa.



Kilès ki dwe pran vaksen epatit B?

- ✦ Tout ti bebe ki fèk fèt avèk timoun jiska laj 18 an.
- ✦ Granmoun ki gen plis pase 18 an ki gen risk pou atrape maladi a.

Granmoun ki gen risk pou atrape maladi a enkli moun ki genyen plis pase yon patnè seksyèl nan 6 mwa, gason ki gen relasyon seksyèl avèk lòt gason, kontak seksyèl avèk moun ki enfekte, moun ki pran dwòg ilegal pa enjeksyon, pwofesyonèl medikal ak travayè sekirite piblik ki ka ekspoze a san oswa likid kò ki enfekte, kontak nan kay la avèk moun ki gen enfeksyon VHB kwonik, ak maladi emodyaliz yo. Si w pa sèten si w gen risk oubyen ou pa genyen, mande doktè w oswa enfimyè w.

Èske vaksen epatit B san danje?

Wi. Li san danje pou pifò moun. Men, yon vaksen, tankou tout medikaman, kapab koze anpil pwoblèm tankou reyaksyon alèjik ki sevè, ki ra anpil avèk nenpòt vaksen. Men, pwoblèm ki pi komen se doulè kote yo te bay piki a oswa lafyèv. Gen mwens danje nan pran vaksen epatit B pase lè w atrape maladi epatit B, epi pifò moun pa gen ankenn pwoblèm avèk li.

Kilès ki pa ta dwe pran vaksen epatit B?

- ✦ Moun ki te genyen yon reyaksyon sevè avèk leven boulanjri (kalite leven yo itilize pou fè pen), lòt konpozan vaksen, oswa moun ki te pran yon dòz vaksen an deja pa ta dwe pran vaksen epatit B.
- ✦ Moun ki yon ti jan maladi oswa ki maladi anpil lè li gen randevou pou l al pran piki a dwe tann jiskaske li refè anvan l al pran vaksen epatit B.

Èske tout moun oblije pran vaksen epatit B a?

Nan leta Massachusetts, vaksen epatit B a obligatwa pou tout timoun ki al nan gadri oswa lekòl matènèl, jaden danfan-5è ane eskolè, ak 7-9è ane eskolè. Yo pral pwogresivman entwodui egzijans sa a pou l enkli tout klas depi jaden danfan jiska 12è ane eskolè papita pase ane 2004. Anplis de sa, koulye a vaksen epatit B obligatwa pou tout elèv ki nan premye ane inivèsite ak elèv ki pran kou sou syans medikal. Yo pral pwogresivman entwodui egzijans sa a pou l enkli tout elèv ki nan dezyèm ane nan inivèsite nan 2002, elèv ki nan twazyèm ane nan inivèsite nan 2003, elèv ki nan katyèm ane inivèsite nan 2004, epi elèv ki nan twazyèm sik nan 2005. OSHA (Depatman Enspeksyon Travay) egzije pou anplwayè prive yo ofri vaksen epatit B pou travayè ki ka vin an kontak avèk san, pwodui san, ak lòt likid kò nan travay la.

Èske genyen lòt kalite epatit?

Wi. Viris koze anpil kalite epatit. Sentòm yo si tèlman sanble se tès san pou fè pou ka detekte ki kalite li ye, men yo pa gaye menm jan. Ozetazini, tip epatit ki pi komen se A, B ak C. Tip B ak C yo gaye atravè san ak lòt likid kò, men tip A gaye atravè san kontamine, dlo, oswa pou pou. Fich enfòmasyon sou epatit A ak epatit C disponib nan Depatman Lasante Piblik.

Ki kote ou ka jwenn plis enfòmasyon?

- ✦ Nan men doktè w, enfimyè oswa klinik ou
- ✦ Biwo lasante lokal ou an (w ap jwenn li nan lis telefòn lan sou ribrik gouvènman lokal)
- ✦ Pwogram Vaksinasyon Depatman Lasante Piblik Massachusetts (The Massachusetts Department of Public Health, Immunization Program) nan (617) 983-6800 oswa gratis nan 1-888-658-2850, nan sit entènèt MDPH lan nan <http://www.state.ma.us/dph/>, oswa nan biwo rejyonal MDPH nan :

| | |
|-------------------------------------|----------------|
| Rejyon Santral, West Boylston | (508) 792-7880 |
| Rejyon Metro/Boston*, Jamaica Plain | (617) 983-6860 |
| Rejyon Nòdès, Tewksbury | (978) 851-7261 |
| Rejyon Sidès, Lakeville | (508) 947-1231 |
| Rejyon Wès, Amherst | (413) 545-6600 |
- ✦ Depatman Enspeksyon Travay (Occupational Health and Safety Administration, OSHA) Biwo Rejyon 1 nan (617) 565-9860

*Doktè/rezidan Boston ka rele tou Komisyon pou Lasante nan Boston (Boston Health Commission) nan (617) 534-5611.

www.masshepc.org
1-888-443-HepC (4372)